

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal :
Kelas : III (Tiga)	Waktu :

I. Pilihlah satu jawaban yang benar!

- Cerita dongeng kang paragane arupa kewan, diarani . . .
A. Sage C. Legenda
B. Fabel D. Mitos
- Piwulang becik kang bisa ditiru saka crita dongeng tuladhane yaiku . . .
A. Memungsuhan C. Ngapusi
B. Seneng tetulung D. Ora setya
- Ing ngisor iki kalebu sawijining crita fabel, kajaba . . .
A. Manuk emprit memitran karo kidang C. Baya lan semut
B. Walang dan semut D. Rawa pening
- Crita dongeng kang isine bab dumadine papan panggonan diarani . . .
A. Fabel C. Legenda
B. Mitos D. Sage
- Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon angka 5 – 12.

Kancil lan Keyong

Ing wayah sore, kancil mlaku-mlaku ana sapinggire kali. Kancil ketemu keong sing lagi minggir saka jero kali. Kancil ngluruhi si keyong.

"Awakmu lagi ngapa, Yong?"

"Aku lagi mentas saka kali. Ana apa, Cil?"

"Awakmu wani balapan mlayu karo aku ora?"

"Ya, Aku wani, Cil."

Kancil umuk lan sesumbar, "Apa kowe bisa ngalahke aku, Yong?"

Awakmu cilik, mlakumu ngleler ngono. Hahahahaha . . ." batine si Kancil.

Ing dina kang wis ditemtokake, Kancil lan Keyong miwiti balapan. Kancil langsung mlayu nggendring, tanpa noleh-noleh. Kancil rumangsa wes adoh ninggalake keyong. Aku mesthi menang pikirane kancil karo menggehe-mengehe. Nanging, nyatane kancil kalah. Keyong wes tekan panggonan luweh dhisik. Keyong bisa memang amarga kancane akeh.

- Irah- irahan crita dongeng ing dhuwur, yaiku . . .
- A. Kancil balapan karo keyong
 - B. Keyong menang saka kancil
 - C. Keyong ngalahake kancil
 - D. Kancil lan keyong
6. Watake kancil sajroning crita dongeng kasebut, yaiku . . .
- A. Setya marang kanca
 - B. Gemi lan setiti
 - C. Sombong
 - D. Seneng tetulung
7. Ing ngisor iki kalebu paraga sajrone crita dongeng ing dhuwur, yaiku . . .
- A. Walang
 - B. Semut
 - C. Kancil
 - D. Kebo
8. "Kowe wani balapan mlayu karo aku ora?"
Kosok baline tembung wani yaiku . . .
- A. Wedi
 - B. Sabar
 - C. Kendel
 - D. Narima
9. "Kancil ngluruhi keyong . . . "
Tembung ngluruhi tegese . . .
- A. Ngajak omongan
 - B. Ngajak balapan
 - C. Nyedaki
 - D. Ngajak dolanan
10. Piwulang utowo pitutur luhur sajrone dongeng kasebut yaiku . . .
- A. Bakti negara
 - B. Padudon
 - C. Tulung tinulung
 - D. Ora pareng umuk
11. Crita dongeng disebarake kanthi getok tular. Gethok tular tegese . . .
- A. Diamot ing kalawarti
 - B. Ditulis ing internet
 - C. Disebarake kanthi lesan
 - D. Ditulis dadi buku
12. Wacanen dongeng ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon angka 12- 13- 14 .
- . Baya lan Manuk Emprit
- . Baya turu angkler. Dumadakan ana manungsa kang arep mburu Baya.
- Baya areg di cekel lan dipateni. Danging lan kulit baya ing jaman sak iki akeh di goleki uwang.
- Manuk emprit enggal-enggal nggugah baya. Manuk emprit ngakon baya supaya enggal ndelik. Baya tangi, banjur ndelik angslup ing njeron banyu.
- Kang arep mburu Baya yaiku . . .
- A. Manungsa
 - B. Manuk emprit
 - C. Kancil
 - D. Singa
13. Baya slamet amarga pitulungane . . .
- A. Manuk emprit
 - B. Manuk dara
 - C. Manungsa
 - D. Kancil
14. Pitutur luhur sajrone crita ing dhuwur yaiku . . .
- A. Sopan santun
 - B. Seneng tetulung
 - C. Gotong royong
 - D. Setya marang kanca
15. Cerita rakyat kang dianggep bener kedadean . . .
- A. Dongeng
 - B. Legenda
 - C. Fabel
 - D. Fiksi
16. Sipate crita dongeng yaiku . . .
- A. Nyata
 - B. Fabel
 - C. Fiksi
 - D. Legenda

17. Energi iku salah sawijining bab kang wigati banget lan dibutuhake kanggo manungsa nalika urip ana ing bumi iki. Ananging, energi bisa entek menawa manunggsa ora njaga, nglestarekake lan ngirit energi. Ing ngisor iki sengkalebu kagiyatan ngirit energi, yaiku . . .
- Pak Burhan tindak dhateng kantor nitih sepeda onthel
 - Tari nyalakne kipas ananging ditinggal lungu
 - Toni keturon nalika nonton TV sing isih nyala
 - Tika nalika ados karo dolanan banyu
18. Pacelaton uga diarani . . .
- Monolog
 - Dhialog
 - Epilog
 - Prolog
19. Pacelathon kang nduweni ancas supaya mitra tuture gelem indakake apa kang dikarepke diarani . . .
- Menehi hiburan
 - Menehi duka
 - Sarana pengajak
 - Menehi informasi
20. Omong-omongan antarane wong loro utawa luwih diarani . . .
- Pidato
 - Wara-wara
 - Pawarta
 - Pacelaton
21. Tembung -tembung ing ngisor iki sengkalebu tembung aran sengkora mawujud yaiku . . .
- Agama
 - Garisan
 - Buku
 - Lemari
22. Melon, pelem, rambutan kalebu jinising tembung . . .
- Aran
 - Barang
 - Kriya
 - Katrangan
23. Ukara kang isine gambarake utawa ukara kang nyritakake bab utawa kadadean diarani ukara . . .
- Pitakon
 - Pakon
 - Andaran
 - Aran
24. Sakabehe tembung kang mratelaake kaanan utawa sipat barang diarani tembung . . .
- Andaran
 - Katrangan
 - Kaanan
 - Aran
25. Rerangkening aksara kang ngemu teges lan dimangerteni surasane diarani , . .
- Tembang
 - Tembung
 - Ukara
 - Karangan
26. Mekka tuku roti menyang pasar.
Tembung menyang pasar kalebu . . .
- Jejer
 - Wasesa
 - Katrangan papan
 - Lesan
27. Bapak tumbas sepatu anyar .
Perangan jejer sakjroning ukara kasebut yaiku . . .
- Bapak
 - Tumbas
 - Sepatu
 - Anyar
28. Ing ngisor iki kang kalebu jinise crita rakyat . . .
- Pidato
 - Legenda
 - Pengalamam
 - Catetan pribadi

29. Cita dongeng kang ngrembug bab-bab ghaib diarani . . .
- | | |
|-------------|-----------|
| A. Fabel | C. Mitos |
| B. Legendha | D. Janaka |
30. Pitutur luhur sajroning cita dongeng , diarani . . .
- | | |
|-----------|-------------|
| A. Parage | C. Latar |
| B. Alur | D. Piwulang |
31. Ngirit energi iku dadi kewajibanne. . .
- | | |
|----------------|----------------|
| A. Wong dewasa | C. Bocah cilik |
| B. Manungsa | D. Para siswa |
32. Tuladha sumber energi kang bisa dianyari yaiku . . .
- | | |
|--------------|------------------|
| A. Srengenge | C. Minyak bumi |
| B. Batubara | D. Mineral alami |
33. Ing ngisor iki klebu sumber energi kang ora bisa dianyari, yaiku . . .
- | | |
|--------------|----------|
| A. Srengenge | C. Banyu |
| B. Batubara | D. Angin |
34. Tembung-tembung ing ngisor iki kang klebu tembung aran seng ora mawujud yaiku . . .
- | | |
|-----------|----------|
| A. Leptop | C. Mobil |
| B. Sepeda | D. Basa |
35. Ukara ing ngisor iki kang ora kalebu ukara pakon, yaiku . . .
- | | |
|---------------------------------|------------------------|
| A. Sapa seng durung tekan kene? | C. Jupokno bukuku iku! |
| B. Bukakna lawang ngarep iku! | D. Tutupen lawange! |
36. Dimas nyirami kembang wayah esuk.
Tembung kriya sakjroning ukara ing dhuwur, yaiku . . .
- | | |
|------------|---------------|
| A. Dimas | C. Nyirami |
| B. Kembang | D. Wayah esuk |
37. Pacelathon kang dhuweni tujuwan supaya mitra tuture gelem nindakake apa kang dikarepake diarani . . .
- | | |
|--------------------|---------------------|
| A. Menehi hiburan | C. Menehi informasi |
| B. Sarana pengajak | D. Menehi duka |
38. Ing ngisor iki mupangat nyemak wacan, kajaba . . .
- | | |
|----------------------------------|-------------------|
| A. Mangeteni perkembangan ngelmu | C. Nambah wawasan |
| B. Ningkatake pengetahuan | D. Wasis nembang |
39. Teks kang ngemot andharan utawa panjlentrehan sawijine bab utawa informasi tartamtu yaiku teks . . .
- | | |
|--------------|---------------|
| A. Eksposisi | C. Deskripsi |
| B. Prosedur | D. Pacelathon |
40. Ing ngisor iki kang ora kalebu tujuan teks eksposisi yaiku . . .
- | | |
|----------------------------|----------------------|
| A. Ngandharake pengetahuan | C. Nambah wawasan |
| B. Njlentrehake informasi | D. Menehi pangaribwa |
41. Informasi lan pengetahuan kang diandharake sakjrone teks eksposisi asipat . . .
- | | |
|----------|--------------|
| A. Fiksi | C. Ngayawara |
| B. Nyata | D. Persuasi |
42. Basa kang digunakake sajrone teks eksposisi yaiku . . .
- | | |
|----------|-------------|
| A. Endah | C. Kawi |
| B. Baku | D. Rinengga |

43. Teks kang ngemot tata cara utawa langkah-langkah nindaake pagawean tartamtu disebut . . .
- A. Prosedur
 - B. Deskripsi
 - C. Narasi
 - D. Eksposisi
44. Ing ngisor iki bab kang dirembug sawijine teks prosedur, kajaba . . .
- A. Ngandharake imajinasi
 - B. Ngunakake piranti
 - C. Tata cara gawe produk
 - D. Nindakake kegiatan
45. Ukara kang digunakake sajrone tek prosedur yaiku jinis ukara . . .
- A. Tanggap
 - B. Tanduk
 - C. Pakon
 - D. Pitakon

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitako angka 46-47-48.

Keresikan lingkungan sekolah minangka peranan kang utama kanggo nuwuhake rasa nyaman ing lingkungan sekolah lan sakiwa tengene. Saben sekolah, tamtu ngajarake babakan keresikan lingkungan. Saka pentinge bab keresikan lingkungan, para guru lan pimpinan ing sekolahan nanti nindakake lomba keresikan sekolah.

Kegiatan iku ancane kanggo nuwuhake rasa semangat lan narik kawigaten para warga sekolah ing bab keresikan. Cara kanggo njaga keresikan sekolah, ing antarane yaiku mbuwang sampah ing tempat sampah, nyapu ruang kelas, ngresiki papan tulis, nindakake piket keresikan adhedasar jadwal, lan sapanunggalane.

46. Irah-irahan kang trep kanggo wacan ing dhuwur yaiku . . .
- A. Kerja bakti
 - B. Nyapu ruang kelas
 - C. Njaga keresikan lingkungan sekolah
 - D. Guyub rukun
47. Kanggo nuwuhake rasa semangat babagan keresikan lingkungan sekolah, pihak sekolah nindakake . . .
- A. Sayembara lomba kamardikan
 - B. Sayembara lomba keresikan
 - C. Sayembara pidhato
 - D. Sayembara pentas seni
48. Ing ngisor iki cara kanggo njaga keresikan lingkungan, kajaba . . .
- A. Mbuwang bungkus jajan sembarangan
 - B. Mbuwang sampah ing tempat sampah
 - C. Ngresiki papan tulis
 - D. Nyapu ruang kelas
49. Supaya gampang anggone nulis teks eksposisi, perlu gawe . . . luwih dhisik.
- A. Cengkorongan
 - B. Dudutan
 - C. Irah-irahan
 - D. Topik
50. Bab kapisan kang dudu di tindakake nalika nulis teks eksposisi yaiku . . .
- A. Nemtokake tujuan
 - B. Nemtokake topik
 - C. Ngumpulake data
 - D. Gawe cengkorongan